

Nimewo 25

## DEKRE EGZEKITIF

### **Deklare Yon Ijans Pou Ka Deziyen Ofisye Lapolis New Jersey ak Connecticut Kòm Ofisye Lapolis Chemennfè Pou Bay Plis Sekirite Nan Tren, Otobis, ak Bak Ki Gen Pasaje**

**LÈ NOU KONSIDERE**, sezon fèt se yon moman pou moun vijilan ak yon moman ki gen plis risk pou atak teworis paske teworis yo abityèlman konsidere dat senbolik enpòtan yo lè y ap planifye atak yo, avèk objektif pou yo flank lanmò an mas epi maksimize donmaj ekonomik ak sikolojik la pou Etazini, menm jan nou te wè yo te fè nan konplo novanm 2010 la kote yon ekstremis vyolan natif natal te eseye bonbade yon seremoni pou limen abdenwèl nan Portland, Oregon; atak desanm 2010 la ke yon kamikaz te fè nan yon mache ki te plen moun k ap fè makèt pou fèt nwèl nan Stockholm, Laswèd; arestasyon yo te fè an desanm 2010 la kote yo te arete 12 moun nan Wayòm Ini ki t ap fè konplo pou yo mennen atak pandan sezon fèt fen dane a; atak desanm 2016 la nan Bèlen kote yon kamyon te rantre nan yon foul mun ki te nan mache nwèl ki toupre legliz komemoratif Kaiser Wilhelm Memorial Church la; atak nan yon naytklèb ki nan Istanbul an 2016 kote 39 moun te mouri pandan yon selebrasyon reveyon fen dane an 2016; bonbadman ki te fèt nan yon tinèl Estasyon Otobis Otorite Pòtyè a (Port Authority) nan Vil New York an desanm 2017 la, ki te gen kòm enspirasyon pwopagand sou nwèl Eta Islamik nan Irak ak Lasiri (Islamic State in Iraq and Syria, ISIS) epi ke yo te reyalize apre atakan an te wè afich sou tèm fèt fen dane sou mi tinèl la yo; menas itilizatè rezo sosyo k ap sipòte ISIS yo kontinye fè an 2018 la yo kote yo ap mande patizan ISIS yo pou yo mennen atak pandan sezon fèt k ap vini an; ak atak tirè aktif ki te fèt an desanm 2018 la kote yon teworis te tye 5 moun epi blese 11 lòt nan yon Mache Nwèl popilè nan Strasbourg, Lafrans;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta New York te gen anpil atak ak konplo teworis, ki gen ladan bonbadman World Trade Center a an 1993; atak sou World Trade Center a 11 septanm 2001 an; Konplo sou Pon Brooklyn lan an 2003; Konplo Sant Finansye yo (Financial Centers Plot) an 2004 ki te sible Mache Echanj Bousye New York la (New York Stock Exchange) ak Sant Citigroup la nan Vil New York ak Prudential Plaza nan Newark, New Jersey; konplo pou eksploze rezèvwa alimantasyon kabiran pou avyon yo ak liy tiyo ki alimante rezèvwa yo ki chita anba Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy a an 2007; konplo pou bonbade yon sinagòg nan Bronx ak pou abat avyon militè nan Baz Gad Nasyonal Ayeryen Stewart la (Stewart Air National Guard Base) an me 2009; konplo Faisal Shahzad te fè ki te echwe an me 2010 la; konplo Ahmed Ferhani ak Mohamed Mamdouh te fè pou yo bonbade sinagòg vil New York yo an me 2011, kote Ferhani ak Mamdouh te diskite sou lòt sib nan Vil New York, ak bilding Empire State la; tantativ yo te dejwe Quazi Mohammad Rezwanul Ahsan Nafis te fè pou l eksploze yon bonb machin ki peze 1,000 liv andeyò Rezèv Bank Federal New York la (Federal Reserve Bank of New York) nan Lower Manhattan nan mwa oktòb 2012 la; atak Quazi ananm avèk frè li a te planifye an novanm 2012 la kote yo te sible Vil New York yo; ak akizasyon Mufid Elfgeeh an 2014, ki se yon rezidan Rochester yo te akize dèske li t ap swadizan bay ISIS materyèl soutyen; atak septanm 2016 la ki te fèt nan Vil New York kote yo te itilize yon bonb sou fòm kòkòtminit ki te blese plis pase 30 moun epi ki te gen lòt detonatè ak dispozitif ki pa te eksploze: atak oktòb

2017 la ki te fèt nan Lower Manhattan ki te gen ladan Sayfullo Saipov, kote li t ap kondi yon kamyon lokasyon Home Depot nan yon liy sikilasyon bekàn ki te touye uit moun epi blese 12 lòt ankò; konplo oktòb 2018 kote yon nonm nan Konte Rockland te eksploze yon dispozitif eksplozif ki peze 200 liv nan Jounen Eleksyon an; pake bomb yo te voye nan plizyè kote nan New York nan mwa oktòb 2018 la, ki gen ladan syèj prensipal CNN la nan Vil New York ak nan yon rezidans ki nan Westchester; rezidan Queens lan yo te arete an jen 2019, poutèt li te achte zam afe ki te gen nimewo seri efase epi ki t ap fè konplo pou li atake Times Square; ak nèg Brooklyn nan yo te arete an novanm 2019 poutèt li te swadizan ap simaye pwopagann ISIS ak enstriksyon pou fabrike bomb pou eseye pwovoke vyolans nan Vil New York ak lòt kote; ak atak ak manchèt pandan Hanukkah nan Monsey, New York, nan dat 28 desanm 2019; epi aresasyon de Ameriken an novanm 2022 an ki menase atake yon sinagòg nan Vil New York. Tout egzanp sa yo demontre ke teworis yo kontinye reprezante yon menas pèsistan pou Eta New York;

**LÈ NOU KONSIDERE**, byenke pa gen okenn menas yo konnen ki konfime nan zòn metwopolitèn Vil New York la, teworis yo te sible sistèm transpò New York la plizyè fwa, sa gen ladan: Bonbadman Otorite Pòtyè (Port Authority) a an 2017 nou te mansyone anvan an; konplo twa gason t ap planifye an 2016 la pou yo bonbade ak tire nan Times Square ak anndan sistèm metwo Vil la pandan mwa Ramadhan nan non ISIS; an 2013 al-Qa'ida - te bay lòd pou fè konplo pou deraye yon tren pasaje ki t ap soti Toronto pou ale New York; konplo Zazi te fè kont metwo Vil New York la yo an 2009; konplo Bryant Neal Vinas te fè an 2008 la ki te sible Long Island Railroad; konplo pou yo te bonbade tinèl tren Port Authority-Trans Hudson lan (PATH) an 2006; ak konplo pou te bonbade Herald Square la nan Manhattan an 2004. Gen plis prèv ki montre ke gwoup teworis yo ap sible sistèm transpò New York la atravè bonbadman Metro Saint Petersburg la nan Larisi ak estasyon tib Parsons Green lan nan Lond, Angletè an 2017, bonbadman ki te fèt nan yon ayewopò ak nan metwo Brisèl la, Bèljik an 2016; ak bonbadman kowòdone atravè sistèm transpò komen Lond lan yo an 2005 ak sa Madrid la an 2004;

**LÈ NOU KONSIDERE**, plizyè santèn milye vwayajè ap vwayaje ant eta New York, New Jersey, ak Connecticut sou sistèm transpò piblik yo ki gen ladan yo sistèm chemendefè, otobis ak bak ki travèse eta epi ki aksesib pou piblik la, epi yon pi gran prezans lapolis nan mwayen transpò sa yo pridan pou pwoteje sekirite piblik;

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 24 septanm 2014, an repons a plis enkyetid pou aktivite teworis, Eta New York ak New Jersey te fòmalize yon patenarya antiteworis grasa yon Memorandòm Antant kote yo te aksepte mezi ak pwotokòl sekirite anplis nan objektif ranfòse pozisyon sekirite Rejyon De-Eta a;

**LÈ NOU KONSIDERE**, ISIS ak lòt gwoup ekstremis yo ap kontinye itilize sit rezo sosyo yo pou toujou mande senpatizan yo pou fè atak nan Etazini ak nan peyi Lwès yo nan nenpòt fason;

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te asasinen omwen 130 moun epi plis pase 400 moun te blese nan plizyè atak teworis ki te fèt an menm tan a Pari, Lafrans jou 13 novanm 2015 lan; yo te asasinen omwen 20 moun nan yon atak teworis ki te fèt 20 novanm 2015 lan nan Bamako, Mali; yo te touye 32 moun epi plis pase 300 moun te blese apre twa bonbadman kowòdone te fèt nan yon ayewopò ak yon estasyon tren nan Briksèl, Bèljik jou 22 mas 2016 la; yo te asasinen 86 moun epi 434 moun te blese apre yon atak teworis yo te fè nan Jounen Selebrasyon Bastiy la nan vil Nis, Lafrans jou 14 jiyè 2016 la; yo te asasinen 5 moun epi plis pase 50 moun te blese sou Pon Westminster a ak zòn andeyò Bilding Palman an nan yon veyikil ak atak ak kouto nan vil Lond, Angletè jou 22 mas 2017 la; yo te asasinen 5 moun epi 14 moun te blese nan yon atak ki te fèt ak yon kamyon an Estokòlm, Laswèd jou 7 avril 2017 la; yo te asasinen 22 moun andeyò Estad Manchester a nan Manchester, Angletè jou 22 me 2017 la; yo te asasinen 8 moun epi 48 moun te blese pandan yon atak ki te fèt sou ak ozalantou Pon Lond lan nan vil Lond, Angletè jou 3 jen 2017 la; epi yo te asasinen 16 moun epi 152 moun te blese nan plizyè atak ki te gen ladan yo veyikil, kouto, ak eksplozif nan Baselòn ak nan Cambrils, Espay ant 17 ak 18 out 2017; yo te asasinen 4 moun epi 15 moun te blese an mas 2018 pandan yon atak tirè aktif ISIS te enspire ak yon sitistasyon otaj nan Trèb, Lafrans; otorite Lawoland yo te dejwe yon atak konplèks kowòdone an septanm 2018 lè yo te arete 7 gason ki te planifye pou yo sible yon evènman rasanbleman an mas ak zam afe ak eksplozif; 4 moun te mouri epi 2 te blese nan katye jeneral Lapolis Santal la nan Pari, Lafrans, apre yon teworis radikalize te bay yon seri kout kouto nan mwa oktòb 2019; epi 2 moun te mouri anba kout kouto epi 3 lòt te blese toupre Pon Lond lan an novanm 2019, nan men yon teworis ki te gen yon kouto nan men li ak yon fo vès suisid;

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te asasinen 49 moun epi 53 moun te blese nan yon atak teworis ki te fèt nan Pulse Nightclub nan Orlando, Florid 12 jen 2016; 13 moun te blese nan yon atak teworis Abdul Artan te fè nan Ohio State University 28 novanm 2016 la; yo te fè menas an 2016 ki te enplike 90yèm Parad Anyèl Jounen Aksyon Degras Macy's la (Macy's Thanksgiving Day Parade) nan Vil New York; yo te asasinen 60 moun epi plis pase 800 te blese pandan yon fiziyad an mas ki te fèt nan Las Vegas 1ye oktòb 2017; yo te asasinen 26 moun epi 22 moun te blese nan yon fiziyad ki te fèt nan yon legliz nan Sutherland Springs, Texas 5 novanm 2017; yo te asasinen 2 moun epi 5 moun te blese an mas 2018 apre yo te voye plizyè pakè bonb bay rezidan Texas yo san distenksyon; yo te asasinen 11 moun epi 6 moun te blese nan yon atak tirè aktif antisemit an oktòb 2018 ki te fèt nan Sinagòg Tree of Life la, nan Pittsburgh, Pennsylvania; epi yo te asasinen 12 moun epi plis pase 15 moun te blese pandan yon fiziyad ki te fèt nan yon restoran nan Thousand Oaks, Kalifòni an novanm 2018; kat moun te mouri nan de atak diferan, enkli yon ofisye fòs lòd nan Vil Jersey, NJ an desanm 2019; de moun te mouri e youn te blese nan de atak separe nan Kalifòni nan dat 29 me ak 6 jen 2020; uit moun te mouri nan mwa mas 2021 apre yon atak zam afe sou plizyè biznis toupre Atlanta, Georgia epi yo te asasinen dis moun nan yon fiziyad an mas nan yon makèt Tops nan Buffalo, New York an me 2022.

**LÈ NOU KONSIDERE**, ISIS te pibliye yon videyo pwopagand ki gen imaj Vil New York ke yo pretann ki anba atak;

**LÈ NOU KONSIDERE**, diferan gwoup teworis kontinye ap fè menas nan yon tantativ pou motive atak laterè natif natal nan Etazini;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Eta sè New York yo, Connecticut ak New Jersey, dakò deplwaye ofisye lapolis pou bay plis sekirite sou tren, otobis, ak bak vwayajè yo kap antre soti nan Eta New York;

**LÈ NOU KONSIDERE**, manm Lapolis ki prete sèman nan Eta Connecticut, ofisye lapolis ki prete sèman nan nenpòt konte oswa minisipalite ki nan Eta Connecticut, manm Lapolis ki prete sèman nan Eta New Jersey, ak ofisye lapolis ki prete sèman nan nenpòt konte oswa minisipalite ki nan Eta New Jersey gen restriksyon nan otorite lapolis yo depi mwayen transpò sa a travèse limit jiridiksyon an ant Connecticut ak New York oswa ant New Jersey ak New York;

**LÈ NOU KONSIDERE**, New York, New Jersey ak Connecticut yo tout se manm Kontra pou Asistans nan Jesyon Ijans (Emergency Management Assistance Compact, EMAC), ki prevwa asistans youn pou lòt ak pataj resous pami eta sè yo;

**LÈ NOU KONSIDERE**, EMAC prevwa ke fòs ijans Eta ap voye, pandan lap fonksyone nan fwontyè jiridiksyon eta kap resevwa konfòmeman a kontra a, ap gen menm pouvwa (sof arestasyon, amwenske li espesifikman otorize pa eta kap resevwa), travay, dwa ak privilèj jan li akòde pa fòs eta kap resevwa kote yap pèfòme sèvis ijans;

**LÈ NOU KONSIDERE**, pou itilize resous lapolis eta sè New York yo bay, Eta New York dwe konfere pouvwa ofisye lapolis yo, sa ki gen ladan pouvwa pou fè arestasyon, sou ofisye sa yo pandan yo nan jiridiksyon jeyografik;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Seksyon 88 Lwa sou Chemennfè otorize Sipè-Entandan Lapolis Eta a deziyen nenpòt moun kòm yon ofisye lapolis chemennfè sèlman nan sikonstans ki rekòmande, ak nan sèten limit;

**LÈ NOU KONSIDERE**, si jan de sikontans ak limitasyon sa yo te aplike pou manm ki prete sèman nan Lapolis Eta Connecticut, ofisye lapolis ki prete sèman nan nenpòt ki konte oswa minisipalite nan Eta Connecticut, manm ki prete sèman nan Lapolis Eta New Jersey, ak ofisye lapolis ki prete sèman nan nenpòt konte oswa minisipalite nan Eta New Jersey k ap travay kòm ofisye lapolis chemennfè apati 12:01 A.M. nan dat 22 desanm 2022 jiska 12:01 A.M. nan dat 2 janvyè 2023, aplikasyon sa a ta pral anpeche, jennen epi retade aksyon nesèsè pou reponn a yon atak teworis oswa yon menas atak;

**LÈ NOU KONSIDERE**, Seksyon § 29-a Lwa Egzekitif la otorize sispansyon, chanjman ak modifikasyon lwa jeneral yo, lwa lokal yo, òdonans yo, lòd yo, règ yo, oswa règleman yo, oswa kèk pati ladan yo, si konfòmite avèk dispozisyon sa yo ta anpeche, jennen oswa retade aksyon ki nesèsè pou siviv avèk yon ijans akòz katastwòf ak entwodiksyon nenpòt kondisyon;

**KOUNYE A, KIDONK, MWEN KATHY HOCHUL**, Gouvènè Eta New York, an vèti otorite ke Konstitisyon an ban mwen ak Lwa yo nan Eta New York, isit la jwenn ke yon katastwòf ka iminan kote gouvènman lokal yo afekte pa anmezi pou reponn komsadwa san asitans. Toutfwa, konfòmeman a otorite ke Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 Atik 2-B nan Lwa Egzekitif, Mwen deklare isit la yon Ijans Eta akòz Katwastwòf ki an vigè nan 12:01 AM nan dat dat 22 desanm 2022; Dekrè Egzekitif sa a ap rete anvigè jiska 12:01 AM nan 2 janvyè 2023.

**ANPLIS**, konfòmeman a otorite Seksyon 29-a nan Lwa Egzekitif la konfyè m, mwen ap sispann epi modifye tanporèman dispozisyon espesifik nan nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, règ oswa règleman, oswa kèk pati ladan yo, nan nenpòt ajans pandan yon Eta Ijans Katastwòf, si konfòmite avèk kalite dispozisyon sa ta anpeche, jennen oswa retade aksyon ki nesèsè pou fè fas avèk yon katastwòf, avèk dokiman sa a mwen ap sispann epi modifye tanporèman, pou peryòd apati 12:01 AM nan dat 22 desanm 2022 jiska 12:01 AM nan dat 2 janvyè 2023, lwa ki annaprè yo nan objektif pou nonme manm ki prete sèman nan Lapolis Eta Connecticut, ofisye lapolis ki prete sèman nan nenpòt konte oswa minisipalite nan Eta Connecticut, manm ki prete sèman nan Lapolis Eta New Jersey, ak ofisye lapolis ki prete sèman nan nenpòt konte oswa minisipalite nan Eta New Jersey kòm lapolis Chemennfè;

- Sou-divizyon 1 nan Seksyon 88 nan Lwa sou Chemendefè nan mezi kote li egzije ke Sipè-entandan Eta nonmen ofisye lapolis chemendefè sèlman sou aplikasyon yon kòporasyon, konpayi ekspès, oswa konpayi bato a vapè, modifye nan limit ki nesèsè pou pèmèt Gouvènè a nome, e mwen nome isit la, manm ki asèmante yo nan Lapolis Eta Connecticut, ofisye lapolis asèmante nan nenpòt konte oswa minisipalite nan Eta Connecticut, manm ki asèmante nan Lapolis Eta New Jersey ak ofisye lapolis nan nenpòt konte oswa minisipalite nan Eta New Jersey kòm ofisye lapolis chemendefè, e pou enkli tout etablisman chemendefè ak bis ansanm avèk pwopriyete ke Port Authority posede, jere oswa ki sou chaj oswa kontwòl li Port Authority New York ak New Jersey oswa filyal li yo, Metropolitan Transit Authority oswa filyal li yo, New Jersey Transit oswa filyal li yo, ak bato transpò yo ki sètifye pou pote pasaje ale ak tounen nan Eta New York;
- Sou-divizyon 2 jiska 17 nan Seksyon 88 nan Lwa Chemendefè a, jan sa nesèsè pou aplike Dekrè sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta  
a nan Vil Albany nan  
venteyinyèm jou mwa  
desanm nan ane de mil  
vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a